


PLASMAN DYAK YO

 Bon, sa vle di, ke premye bagay la se plase dyak nan legliz la. E ti legliz nou isit la li souvren. Li pa gen okenn denominasyon ou anyen k ap voye dyak li yo, li fè eleksyon pwòp dyak li. Li eli pastè li, li eli administratè l yo, li eli tout sa k antre e soti nan legliz la. Se pa yon sèl moun ki gen a di sou tout bagay, se legliz la. E legliz la se sila yo ki vini e ki ap sipòte legliz la ak prezans yo, ak dim ak ofrann yo, se toujou yo menm ki gen dwa legal pou deside mete an plas bagay sa yo.

² E mwen vle remèsye ansyen konsèy dyak yo, e mwen di l depi isit la pou tout legliz la. Si gen nan frè sa yo isit la, Frè Cox, Frè Fleeman, e Frè Higginbotham ak Frè Deitzman, yo te ban nou bon sèvis, yo te bay Seyè a, nan tabènak sa.

³ E de tanzantan, dapre règleman legliz la, chak ane, dyak yo oswa administratè yo konplete manda yo otomatikman. E si yo vle tounen, se trè byen. Si yo pa vle retounen, alò yo ka mete yon moun nan plas yo, e konsèy sa a te demisyone.

⁴ Epi lòt jou swa a mwen te konvoke konsèy administratè a, kote gen yon nouvo konsèy administratè. Mwen remake Frè Luther McDowell isit la aswè a, nou kontan wè l la, li te nan ansyen konsèy administratè an. M te desann semèn sa pou m te konnen epi verifeye si yo te fè yon otokopi, ki pral prezante bay legliz la, tou. Administratè legliz yo kounye a se Frè William Morgan, Frè Mike Egan, ak Frè Banks Wood, epi Frè Roy Roberson. E yo tout soti nan vil sa, eksepte Frè Roberson ki abite ant de vil yo. Seyè a te jije mesye sa yo te nan plas yo, e yo se dèzòm onorab, e kounye a yo resevwa responsablite antan ke administratè legliz sa.

⁵ E pandan reyinyon sa a t ap dewoule, asistan pastè a te di ke nou, nou dwe eli yon nouvo konsèy dyak, ke moun sa yo te konplete tan yo epi—epi yo te demisyone, alò nou te dwe chwazi kèk lòt dyak. Kounye a, legliz la . . . Fason sa fèt, se, konsèy la ka nonmen dyak yo, moun ke yo te frekante e ke yo te jije onorab e jis.

⁶ Fonksyon yon dyak se yon trè gwo fonksyon, e se yon gwo lonè pou Seyè a pou w vin on dyak nan legliz. E konsa, nan reyinyon lòt sware a, yo te rele yon nonm pou vin jwenn mwen. Epi lè m te rankontre pastè a, nan landemen . . . vandredi pase a, nonm sa a te dakò ke se te dèzòm onorab e jis.

⁷ Yo te jwenn yon jènòm, ki pa t egzakteman kalifye (pa paske li pa t bon jan de moun lan), yon nonm ke youn nan mesye onorab nan konsèy administratè nou an te sigjere. Men lè pastè a avè m te rankontre, e m te mande laj jènòm lan, li te nan kòmansman ventèn li. Onorab, jis, e yon nonm de byen, men nou te dekouvri

ke li te yon selibatè. Bib la egzije ke dyak la dwe yon nonm marye. Li dwe mari yon sèl madanm.

⁸ Epi yon lòt nonm ki te yon nonm trè onorab, trè kalifye pou pòs la e ki t ap fè yon nonm fidèl, jan yon frè te sigjere l la. Answit apre ankèt sou ka a, frè a te fèk vini nan Lafwa sa, madanm li pa kwè nan Sa. Alò sa te diskalifye nonm lan pou pòs la. Paske li dwe genyen tout fanmi l nan soumisyon, yo dwe nan Lafwa tou, paske se t ap yon konfli.

⁹ E n ap konstwi kounye a, e nou swete mete legliz sa an plas. E antan ke siveyan jeneral legliz la, m dwe veye ke l rete, dapre Lekriti, tout bagay konfòm a Pawòl la.

¹⁰ E se poutèt sa, la, konsèy la ak pastè a, epi siveyan an te jije favorab, pou chwazi nan gwoup moun sa yo isit la kèk mesye ke nou panse ki onorab e jis. Nou sèlman ka prezante yo. E se, apres, se legliz ki dwe nonmen yo, ak pwòp vòt pa yo. E apres mesye sa yo pral fè sèvis, si yo santi ke y ap aksepte pòs sa a. Alò yo pral vini pou yon ti tan, pou wè si yo santi ke petèt Bondye te rele yo. E si apres, yo santi ke yo pa kalifye, lè sa, yo gen dwa nan semèn k ap vini yo pou demisyone de pòs la, pou yo te ka nonmen yon lòt moun nan plas yo.

¹¹ Malgresa, nan kòmansman revèy sa ke (si Bondye vle) m vle genyen isit la nan tabènak sa a osito ke m repoze, se apres m ap—se apres m ap . . . n ap òdone dyak sa yo ak poze men sou yo, dyak yo ak trezorye legliz sa a. Men dabò yo dwe nonmen yo pou—pou wè kijan yo renmen l e kijan kongregasyon an renmen l. Konsa si se—alò si se annòd toude kote yo, lè sa nou òdone mesye sa yo dyak, jis menm jan Administratè yo te eli a.

¹² Se souvrènte ak lwa legliz la, dapre Pawòl Bondye a. Kidonk, konsa, yo jis pa ka di “m panse ke nonm sa te ka nonm kòrèk la,” se pa sa, “Frè Neville panse ke nonm sa te ka nonm kòrèk la,” oswa “konsèy administrasyon an panse ke nonm sa te ka nonm kòrèk la.” Sa dwe fèt pa legliz la! Pa gen moun ki fè anyen poukont li isit la. Se vòt legliz la. Se yon legliz souvren.

¹³ Ansyen dokiman règleman yo te detwi nan inondasyon 1937 la. Nou te rekopye sa yo, e nou pral afiche yo sou mi an byento, devwa administratè, dyak, trezorye, elatriye, pastè, asistan, elatriye.

¹⁴ Pa gras Bondye, yo te di m, konsèy legliz sa a te vote a san pousan, yo te twouve ke Frè Hollin Hickerson te yon nonm jis, onorab, epi an liy nan pozisyon sa a pou resevwa gran lonè sa—sa pou l vin dyak tabènak sa a.

¹⁵ Epi tou, nou te jwenn, e dapre vòt konsèy la, ke yo te twouve Frè Collins yon nonm onorab e jis tou. Antan ke minis, limenm, se poutèt sa nou te mande l pou l vin yon—yon dyak legliz la; e pa sèlman dyak, men yon asistan Frè Neville, petèt pou yon klas lekòl di Dimanch, oswa pou ranplase Frè Neville, oswa kèlkeswa sa yo rele l pou l vini an yon asistan Frè Neville. Sa se Frè Collins.

16 Epi, tou, legliz la te deside, an favè, Frè Tony Zabel, yon nonm onorab e jis, e li te jwenn favè devan konsèy administratè a ak pastè yo, pou yo mande l aksepte pòs dyak la nan tabènak sa a.

17 Epi yo te mande tou, e yo te jwenn yon nonm onorab nan mitan nou... (Se pa... mesye sa yo pa sèl mesye ki onorab, kounye a, men konsèy la te jis chwazi yo.) Frè Taylor ki soti Henryville, oswa Memphis, m kwè se sa, Memphis, Indiana. Li avè nou depi kèk tan, ap aji kòm plasye e tout sa ki posib. Legliz la te byen konsidere l, oswa konsèy la ak pastè yo, ke li te ka aksepte gwo fonksyon sa—sa antan ke dyak nan tabènak sa a.

18 E yo te mande tou ke bofis Frè Mike Egan lan, Frè—Frè Bob Harned, ki te chwazi pa konsèy la ak pastè yo, aksepte pòs la antan ke trezorye tabènak sa a, ki se yon travay onorab, ki mande ladwati ak lonè.

19 Nan fè sa, m panse, frè m yo, ke deziyen nou isit la, sa te ka yon gwo lonè pou nou. E non sèlman sa, men se yon bagay pou fè.

20 Nan moman sa m ap mande Frè Neville, asistan nou, pou li egzijans dyak la. Frè Neville, si w vle li l nan Pawòl Bondye a. [Frè Neville li Premye Timote 3:8-13—Editè a.]

[Menm jan an tou dyak yo dwe respektab, pa gen de pawòl, moun ki pa bwè twòp, ki pa renmen fè lajan mal ni kouri dèyè lajan;]

[Kap kenbe mistè lafwa a nan yon konsyans ki pwòp.]

[E sonde yo anvan; apresya kite yo sèvi dyak, si nou jwenn yo san repwòch.]

[Menm jan madanm yo dwe respektab, pa nan tripotay, konn kontwòl tèt yo, seryèz nan tout bagay.]

[Yon dyak fèt pou l gen yon sèl madanm, se pou l konn dirije pitit yo ak tout kay yo byen.]

[Paske dyak ki fè travay yo byen y a rive jwenn yon bon pozisyon pou tèt yo, e yon gwo konfyans nan lafwa ki nan Jezikri.]

21 Amèn. Alèkile m ta mande frè sa yo ke yo te chwazi a, si yo ta jis vanse isit la sou estrad la jis yon moman. E pandan n ap bese tèt nou jis yon moman pou lapriyè, m vle yo... E legliz konnen kisa sa ye, ke sa se eleksyon konsèy dyak nou ak trezorye nou.

22 Seyè Jezi, se avèk panse klè, e sen ke nou vin jwenn Ou kounye a. Nou vini pa respè pou Pawòl Trè Sen Ou a, nou vini e nou kwè ke “Tout pawòl lòm dwe manti, men Bondye se verite.” Nou genyen W rekonesans pou Legliz sa a ke Jezi te achte ak Pwòp San presye Li, e Ou ban nou bilding sa a pou n adore ladann.

23 E antan ke siveyan gwo twoupo sa a, ke Sentespri a te òdone nou pou nou ye, kounye a n ap eseye prezante bay kongregasyon sa yon gwoup moun ki fidèl, yon gwoup moun ke nou kwè ki ranpli ak Lespri epi ki pare pou asime pòs la. Jan sa te di yon lè konsènan konsèy dyak la, “Al chache nan mitan nou, mesye ki gen bon repitasyon epi ki anime ak Sentespri a, pou yo ka sèvi nan ministè sa, pou pran swen vèy yo ak òfelen yo, pou distribye lajan an, epi veye sou byennèt legliz la.” Plizyè lane pita, nou fèk li sa sen Pòl te ekri, grantòm sen sa a, ki tabli deklarasyon Ekriti yo sou egzijans pòs sa yo.

24 Bondye, onore mesye sa yo. Epi kounye a se chwa a, Seyè, antan ke legliz souvren, antan ke kò Seyè Jezi a, se yo ki dwe fè eleksyon an. Epi. . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] . . . epi vin dirije pati sèvis sa a nan yon fason espesyal, nan Non Jezi ki jis e sen an.

25 Kounye a avèk tèt nou bese, pa sèlman tèt nou men kè nou, e kòm chak manm nan legliz sa, ki vin isit la regilyèman epi ki sipòte l ak dim e ofrann nou yo, se yo ki konsidere kòm manm legliz sa a, pandan ke pastè a avè m, poukont nou, n ap gade, asistan pastè a, Frè Neville, avè m ap gade, M ta mande si legliz sa konsidere Frè Taylor kòm yon nonm jis epi ki kalifye, dapre meyè sa nou panse, pou vin dyak gwoup moun sa yo? N ap endike l menm jan an lè nou leve men nou. [Frè Branham fè yon poz—Editè a.] Dakò. Kounye a si gen moun ki kont, èske nou ka leve men nou. [Frè Branham fè yon poz.] Mèsi.

26 Èske gen manm legliz sa isit la twouve. . . epi nou tout, èske nou konsidere ke Frè Hollin Hickerson se yon nonm jis e onorab, e yon nonm ke nou jije nan je nou diy pou vin dyak legliz sa a? Èske nou ka endike l ak leve men dwat nou. [Frè Branham fè yon poz—Editè a.] Si genyen ki kont, alò leve men nou. [Frè Branham fè yon poz.]

27 Èske kongregasyon sa a konsidere ke Frè Collins se menm bagay la, yon nonm jis e onorab, e ki diy pou vin yon dyak pou legliz sa a? Èske nou vle leve men nou. [Frè Branham fè yon poz—Editè a.] Dakò. Sa yo ki kont, èske nou ka leve men nou. [Frè Branham fè yon poz.]

28 Èske kongregasyon sa a konsidere ke Frè Tony Zabel se yon nonm onorab e ki diy pou pòs sa a, pou l dyak twoupo sa a nan legliz sa a? Èske nou ka leve men dwat nou. [Frè Branham fè yon poz—Editè a.] Sa yo ki kont, èske nou ka leve men nou. [Frè Branham fè yon poz.]

29 Èske kongregasyon sa a santi ke Frè Harned se yon nonm jis e dwat, ki avèk nou depi kèk tan, pou l vin trezorye, sekretè-trezorye legliz sa, pou okipe l de finans yo epi peye fakti yo? Si wi, leve men dwat nou. [Frè Branham fè yon poz—Editè a.] Èske genyen ki kont, leve men dwat nou. [Frè Branham fè yon poz.]

30 M vle di frè yo—yo ki kanpe nan moman sa a kounye a, nan pye kwa sa a, ke legliz sa, a san pousan (pa gen moun ki kont ditou), konsidere nou tout diy nan je Bondye pou fonksyon sa ke Bondye rele nou an.

31 Kounye a, nou menm, jan yo di a: “Ke mesye sa yo teste dabò, pou wè si yo vle pòs sa a.” Nan kèk semèn, si Bondye vle, m ap retounen ankò pou poze men sou gwoup mesye sa yo, pou rann yo ofisyèlman administra- . . . oswa dyak legliz sa, epi trezorye.

Annou bese tèt nou jis yon moman:

32 Seyè, nou kontan aswè a ke gen ankò dèzòm k ap viv sou tè a ki ka mache dwat devan mond lan; tèlman sen ke yon tabènak, ak règleman estrik tankou sa a, ka vote senk moun nan pozisyon antan ke lidè yo, san yon grenn vòt kontrè. Nou kontan pou yo, e nou santi ke Ou te avèk nou pou pran desizyon sa yo, konsèy la ak noumenm pastè yo.

33 Bondye, beni mesye sa yo. Epi ke yo egzèse fonksyon sa ak tout kè yo, konsyan ke sa ap pèmèt yo gen yon ran onorab nan Syèl la. Yon jou lè Liv yo nan Syèl la va fèmen, ke Liv èt selès yo ak gran Liv Syèl la ka louvri, ke non yo kapab a san pousan devan Bondye epi Sovè a ak tout lame Selès la, pou yo menm jan an nan Wayòm Li an. Beni yo, Seyè, e ke yo byen egzèse fonksyon sa. Nan Non Jezi nou di W mèsè pou yo. Amèn.

34 M vle jis ban nou lanmen, Frè Harned, Frè Zabel, Frè Collins, Frè Hickerson, ak Frè Taylor. M tèlman kontan konnen ke nou te fratèize pandan tout tan sa a avèk dèzòm si onorab. Bondye beni nou kounye a. E nou pral wè trè byento, osito ke m fin pran yon ti repo, pou m retounen, epi wè kijan nou renmen pòs nou. Trè byen, daprè vòt yo, m panse se te san pousan, pa gen yon vòt kontrè ditou.

35 O, èske nou pa kontan dèske n ap frekante moun jodi a ki ka viv, dwat, devan Bondye, epi k ap viv nan eta sa devan mond aktyèl sa a? Se yon bagay ekstraòdinè.

36 E m tèlman kontan pou m konnen aswè a ke m gen privilèj pou—pou gen mesye sa yo ak legliz sa kòm zanmi. M tèlman kontan ke Bondye kite m asosye tèt mwen ak Legliz Li tout kote nan mond lan. O, yo meprize yo epi yo rejte yo epi yo pale de yo, e jan m te di maten an nan mesaj mwen an, petèt yo se jis moun k ap foule labou, jan lemonn ap gade yo, tankou “yon bann fanatik,” men Bondye gade yo tankou pitit Li. M tèlman kontan pou sa. Yo ka pa kapab di w a konbyen distans lalin lan ye. Yo ka pa kapab eksplike w tout sistèm solè a ak fason li fonksyone. Men gen yon sèl bagay yo konnen byen, yo konn lè yo te ne de nouvo a. M sitèlman kontan pou yo.

37 Men yon ti parabòl ke m te aprann, e m pral asosye l aswè a ak de ti fi m yo pou yon jan fè l pi klè pou nou, pou l ka vin yon reyalite pou nou, pou nou ka konprann siyifikasyon an. Yon maten, m te leve soti nan kabann lan . . . M gen de ti fi. Youn ladan

yo se Rebekah, e youn ladan yo se Sarah, e yo se ti pitit fi papa yo.

³⁸ E m gen yon ti gason, Joseph. M te soti Chattanooga, aprè yon reyinyon yon jou swa, pandan m te lòtbò a nan dènye kanpay sa. M te nan—nan machin lan, ap woule ak Billy, pi gran pitit gason m lan. Madanm li ak Meda te nan machin lan, ak tifi yo. E pandan nou t ap woule, pèsonn pa t di anyen pandan plizyè blòk distans vil la. E m te chifonnen moun yo jou swa sa sou fason y ap konpòte yo. E pèsonn pa t di anyen. Epi ti Joseph te vini e li te pran zèpòl mwen, li te di, “Papa, ou te vrèman preche aswè a!”

³⁹ E maten an, alò ke m t ap pati pou m monte nan Uityèm ak Dizyèm Ri a, . . . oswa Penn ak Dizyèm Ri a, pito, pèsonn pa t di yon mo, ni madanm mwen ni de tifi yo. Epi ti Joseph te pran zèpòl mwen ankò, li te di: “Papa, sa, m te vrèman renmen predikasyon sa a maten an,” li te di.


M te reponn, “Ebyen, m gen yon fanatik mwen, se pitit gason m nan.”

⁴⁰ E ann tounen sou ti bagay nou t ap di an. M te leve yon maten, m te chita nan chanm lan, ti Becky te parèt ap kouri epi, annou di, li te a cheval sou janm mwen epi li te pase bra l toutotou mwen, epi li se ti pitit fi papa l. Epi li t ap ban m akolad. E ti Sara te sote soti nan kabann li avèk ti pijama l epi, annou di, li te parèt ap kouri tou. Li se ti sa ak je mawon an.

⁴¹ Ti Becky te di, “O, Sarah, pa gen okenn nesosite pou w vini, paske m gen tout Papa m pou mwen sèl. Tout papa m se pou mwen!” E ti Sara, ti bouch li desann, ti je mawon l yo t al nan yon kwen. M te fè l siy *konsa* e m te lonje lòt jenou an, e li te vini pou mete l a cheval sou li.

⁴² Becky gen janm pi long, konsa yo te rive atè a. Ti Sarah t ap pèdi ekilib, kifè m te mete toude bra m toutotou Sarah. Ti Sarah te gade Becky epi l te di: “Becky, ou ka gen tout Papa pou ou, men tout Papa gen tout mwenmen!”

⁴³ E m panse ke se konsa sa ye isit la. Nou ka pa konn tout teyoloji a ak tout gwo mo Grèk yo, gwoup moun sa yo ka pa gen konesans. Men gen yon sèl bagay ki sèten, m kwè Jezi posede *nou* an antye. Amèn.

Trè byen, Frè Neville. 

58-0720E Plasman Dyak Yo
Branham Tabènak
Jeffersonville, Ind yana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org